

## Aprann Siy yo. Aji Bonè.

Aprann siy devlopman ptit ou a e aji byen bonè si toutfwa ou gen yon enkyetid.

Pou w konplete yon lis verifikasyon etap devlopman, telechaje POU GRATIS CDC *Milestone Tracker* aplikasyon oubyen vizite [www.cdc.gov/Milestones](http://www.cdc.gov/Milestones), epi pale ak doktè ptit ou a nan chak vizit byennèt timoun ou an sou etap enpòtan ptit ou a rive fè ak kisa k ap vini aprè.

### Ou konnen timoun ou an pi byen

Si ptit ou a pa devlope ase, oubyen ou gen enkyetid sou fason ptit ou a jwe, aprann, pale, aji, ou bien fè mouvman, pale ak doktè ptit ou a, pataje enkyetid ou yo, epi poze kesyon sou tès depistaj devlopman. Pa tann.

Si ou menm oubyen doktè a toujou enkyè

1. Mande yon referans pou wè yon espesyalis epi,
2. Rele nenpòt lekòl elemantè publik nan zòn ou an pou yon evalyasyon gratis pou konnen si timoun ou an ka jwenn sèvis pou ede li l:

- **Si ptit ou pokò gen 3 zan :**  
Rele pwogram entèvansyon prekòs Eta oubyen teritwa kote w ye. Aprann plis e jwenn nimewo telefòn nan sit entènèt [www.cdc.gov/FindEI](http://www.cdc.gov/FindEI).

- **Si ptit ou gen 3 zan ou plis:**  
Rele nenpòt lekòl primè publik nan zòn nan.

Pou jwenn plis sou fason pou ede timoun ou an, vizite [www.cdc.gov/Concerned](http://www.cdc.gov/Concerned).

**Pa tann non.**

**Si ou aji bonè, sa ka fè yon diferans toutbon!**

Pou plis enfòmasyon sou devlopman ptit ou ak kisa pou w fè si w gen yon enkyetid, vizite:

[www.cdc.gov/ActEarly](http://www.cdc.gov/ActEarly)

**OUBYEN RELE:**

**1-800-CDC-INFO  
1-800-232-4636**

pou jwenn èd pou jwenn sipò nan zòn ou an.

Etap enpòtan nan devlopman sa yo montre kisa pifò timoun (75% ou plis) ka fè nan chak laj.



# Moman de Etap Devlopman



## Etap Enpòtan yo Konte!

Gade andadan papye sa pou etap enpotan nan devlopman ptit ou pou ou veye, ak konsèy sou fason ou ka ede ptit ou a aprann e grandi.



# Developman Prekòs nan lavi Pitit Ou se yon Pakou

Sa yo se jis kèk nan anpil etap enpòtan nan developman pou veye. Pou jwenn lis verifikasyon konplè pou laj pitit ou a vizite [www.cdc.gov/Milestones](http://www.cdc.gov/Milestones) oubyen telechaje Aplikasyon gratis *Milestone Tracker CDC* an.

